

## Acheveche Miami

### Pwomès Volontè Yo Pou ankouraje yon anviwonman sekirize

Kòm yon volontè nan Acheveche Miami an, mwen pran angajman pou mwen yon moun ki gen bòn vi e mès ak gen konsyans de otorite inik sa ak responsabilite ke mwen genyen akòz konfyans ke yo mete nan mwen pou sèvi moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo. Mwen sipoze kenbe pwomès sa a poum ankouraje yon anviwonman sekirize kote ki gen aktivite ke mwen kapab travay ak moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo. Pwomès la a sipòte règleman Acheveche a ki dekri nan "Kreye e Kenbe yon anviwonman sekirize pou Timoun ak Granmoun ki vilnerab." Mwen deklare tou ke mwen te li sa ki annapre yo e yo te banm yon kopi kòm referans. Baze sou sa ki annapre yo mwen pwomèt poum:

1. Trete tout moun avèk respè, lwayote, pasyans, onètete, koutwazi, diyite, ak konsiderasyon, kèlkeswa sikonstans moun ou rankontre a.
2. Asime tout responsabilite pou etabli epi kenbe de limit ki klè e ki apwopriye fizikman e emosyonèlman ak sèvi moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo.
3. Evite sitiyasyon ki ka fèm rete poukонт mwen ak yon kote ki pa gen lòt moun kap sipèvize ak yon moun ki minè oswa yon adilt ki vilnerab.
4. Sèvi ak ranfòsman ki pozitif olye de kritik, konpetisyon oswa konparezon lè map travay ak lòt moun, espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo.
5. Montre diskresyon nan jan m montre afeksyon moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo epitou konfòmè'm ak prensip PAN a - kenbe tout jest ki gen rapò a touche Biblik Apwopriye epi Nonsexuel. Diskresyon ta dwe gen ladan évite bay oswa resewwa kado nan men moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab yo, ak / oswa paran yo eksepte yon ti jest tou piti pou montre apresyasyon yo nan okazyon tankou Nwèl oswa anivèsè nesans.
6. Evite konpòtman seksyèl ki kache oswa ouvè seksyèl ak moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab menm si yo ki kòmanse konpòtman sa. Sa gen ladan diskou seduizan oswa jès ak kontak fizik ki seksyèlman abize, eksplwate, oswa asele yon moun.
7. Pa janm kòmanse konpòtman seksyèl ak yon moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab. Si mwen wè yon konpòtman konsa, mwen dwe rapòte li bay yon sipèvizi imedyatman.
8. Rapòte abi bay otorite legal yo nan Depatman pou Timoun ak Fanmi, DCF, nan 1-800-96ABUSE (1-800-962-2873) epi avèti sipèvizi m nan de rapò a, ak tout nimewo dosye a, le pli vit ke posib. Mwen konprann ke sim pa rapòte yon abi ke mwen sispek bay otorite sivil se yon krim.
9. Kolabore antyèman nan nenpòt ankèt sou abi moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.
10. Egzèse swen poum evite ekspoze lòt moun lèm soufri yon kondisyon kontajye tankou grip, lafyèv, oswa frèt.
11. Pa janm posede, konsome, oswa ofri pwodwi alkoolik, pwodui tabak oswa dwòg ilegal, ni rete anba enflyans alkòl oswa dwòg ilegal, lèm angaje nan nenpòt ministè pou Acheveche Miami an sitou ak moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.
12. Pa janm imilye, betize, fè moun pè, menase, oswa degrade nenpòt moun ki espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab lè map aplike disiplin.
13. Pa janm frape, tape, souke, oswa souflete nenpòt moun espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.
14. Pa janm manyen nenpòt moun, sitou moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab nan yon mannyè ki seksyèl oswa lòt fason ki pa apwopriye.
15. Pa janm itilize pawòl ki profane nan prezans nenpòt moun espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.
16. Pa janm pèmèt yon sitiyasyon kote ke yon moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab rete pou kont li nan yon machin ak yon granmoun si granmoun sa se pa paran li oubyen moun ki responsab li.
17. Pa janm pataje yon chanm ak nenpòt moun kem nan ministè ak li, espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.
18. Pa janm bay moun, espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab, videoyo, materyèl lekti oswa materyèl grafik ki gen bagay seksyèl ladan. Se yon krim kreye, bay oubyen gade foto oubyen videoyo pornografi ak timoun. Fò nou avèti otorite yo touswit.
19. Pa janm komunik elektwonikman, ke se sou sit rezo sosyal ak mesaj tèks, ak yon moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab, eksepte jan yo otorize'l espesifikman daprè règleman lekòl la. Paran / gadyen yo ta

dwe sous kontak prensipal, epi copi tout komunikasyon dwe al jwenn sipèvizè a.

20. Pa janm angaje yo nan konpòtman seksyèl sou entènèt la ak sa yo ki nan ministè mwen ak / oswa nenpòt moun, sitou moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab, lèm angaje nan ministè.

21. San pèdi tan rapòte vyolasyon pwomès ke mwen ta sispek bay Direktè a, Direktè Pwogram oswa klèje. Si moun mwen sispek ki vyole pwomès la ta Direktè a, Direktè Pwogram oswa Klèje mwen ta dwe fè rapò a Vikè Jeneral la (305-762-1220).

Mwen pwomèt poum swiv direktiv sa yo nan relasyon mwen ak tout moun ke mwen gen kontak nan ministè mwen, espesyalman moun ki minè yo oswa adilt ki vilnerab.

Non an Karaktè Enprimri: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_

Enstitisyon: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_